# Мойнақ районында “Ақ кеме” балалар дем алыў орайы пайдаланыўға тапсырылды

Image not found or type unknown

15-июнь күни Мойнақ районында “Ақ кеме” балалар дем алыў орайы пайдаланыўға тапсырылды.

Image not found or type unknown

Орайдың ашылыў салтанатында Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы М.Ерниязов, Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы Спикериниң биринши орынбасары А.Саидов, Өзбекстан кәсиплик аўқамлары федерациясының баслығы Қ.Рафиқов ҳәм басқалар Ҳүрметли Президентимиз Ш.Мирзиёев тәрепинен соңғы жылларда Мойнақ районына үлкен итибар қаратылып, районның социаллық-экономикалық раўажланыўын, халықтың турмыс абаданлығын тәмийинлеў бойынша қатар илажлар әмелге асырылып атырғанлығын айрықша атап өтти.

Image not found or type unknown

Өткен қысқа дәўирде район халқына таза ишимлик суўы жеткерип берилди, амфитеатр, футбол стадионы, Жаслар орайы, балалар музыка ҳәм көркем өнер мектеби, жүзиў бассейни, спорт заллары, Мәдений сарайы, китапхана, консерва заводы, текстиль кәрханасы, заманагөй турақ-жайлар ҳәм басқа да бир қатар объектлер пайдаланыўға тапсырылды, теңиз ултанында сексеўил егиў жумыслары алып барылып, жақын күнлер ишинде Мойнақ аэропорты иске түсиў алдында тур. Булардың барлығы район турмысындағы үлкен өзгерислер менен жаңаланыўлардан дәрек береди.

Image not found or type unknown

«Ақ кеме» балалар дем алыў орайы да Ҳүрметли Президентимиздиң 2018-жыл 15-16-ноябрь күнлери Қарақалпақстанға сапары даўамында берилген тапсырмаларға муўапық Өзбекстан кәсиплик аўқамлары федерациясының қаржысы есабынан, “Шорахан қурылыс монтаж” кәрханасының қурылысшылары тәрепинен қурып-питкерилди.

Image not found or type unknown

Мәўсим даўамында 1500 баланы саўалландырыўға мөлшерленген бул орайда ул-қызлардың жазғы дем алысын мазмунлы өткериўи ушын барлық шараятлар жаратылған. 250 орынлық жатақхана, футбол, баскетбол, волейбол майданшалары, жүзиў бассейни, китапхана, концерт залы, руўхый-ағартыўшылық ханасы, жазғы театр сахнасы, көркем өнер ҳәм спорт дөгереклери бар. Медицина ханалары, асханалар заманагөй үскенелер менен тәмийинленген. Сондай-ақ, орай әтирапы абаданластырылып, 5 гектар жер майданына 5000 ға жақын мийўе ҳәм декоратив терек нәллери отырғызылды.

Коронавирус пандемиясы себепли, бүгинги күнде республикамызда халықтың, әсиресе балалардың санитария-эпидемиологиялық тынышлығы ҳәм қәўипсизлигин тәмийинлеў, коронавирус инфекциясы тарқалыўының алдын алыў мақсетинде социаллық аралықты тәмийинлеў ушын 150 баланы қабыллады.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң баспасөз хызмети